Wikipédia

Basa Malayu Bali

Basa Malayu Bali atawa uga disebut **Basa Loloan** ya iku jinis Basa Malayu krèol kang dituturaké karo suku Malayu ing kecamatan Negara lan Melaya, Kabupatèn Jembrana, Bali[1][2]. Basa Malayu Bali sumebar ing kampung Loloan Barat lan Loloan Timur ing loro kecamatan wau[3]. Suku Malayu kang ana ing Loloan iku asalé saka Malayu saka Pontianak lan Trengganu uga Suku Makassar lan Wong Bugis awit abad 17[3]. Basa iki didayani karo basa Bali ing kosatembung lan ing ater-ateré.

Basa Malayu Bali	
Base Loloan	
Asal	Indonesia
Laladan	Kabupatèn Jembrana, Bali
Panyatur asli	25,000 (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Melayu Kreol ▪ **Basa Malayu Bali**
Kodhe basa	
ISO 639-3	mhp

Conto ukara

- *Diê biasê teduran bawah kolong*: Dhèwéké wis kulian turu ing isoré omah
- *Pinjêmi mak pênggali bentar*: Silihké ibu pacul sedhèla
- *Bêras mak kau batuan*: Beras ibumu akèh watuné
- *Siapê jak dak berani nêkêti pêrkêlaian tu*: Sapa waé ora wani nyedhaki tukaran iku[2].

huruf vokal ê ing èjaan Latin basa Melayu Bali diwaca e pepet.

Rèfrènsi

1. "Malay, Balinese" (https://www.ethnologue.com/language/mhp/22). *Ethnologue* (ing basa Inggris). Dijupuk 2019-12-10.
2. Bagus, I Gusti Ngurah, dkk (1985). *Kamus Melayu Bali-Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. kk. xi.
3. Sumarsono, Drs. (1993). *Pemertahanan bahasa Melayu Loloan di Bali* (https://www.worldcat.org/oclc/30042909). Jakarta: [Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan]. kk. 43–47. ISBN 979-459-366-4. OCLC 30042909 (https://www.worldcat.org/oclc/30042909).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Malayu_Bali&oldid=1504384"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 00.57, 10 Dhésèmber 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.